

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Hadi AKS gumelar di Citapis, Pandeglang dina kaping 16 Méi 1965. Hadi téh lulusan Jurusan Pendidikan Basa jeung Sastra Sunda IKIP (ayeuna mah UPI) Bandung. Ti saprak asup kuliah di IKIP, Hadi hayang jadi pangarang tuluy ngamimitian nulis dina taun 1985. Taun 1986 kabiruyungan ngilu kursus ngarang Sundanologi. Rupa-rupa karya sastra Sunda geus ditulis ku Hadi AKS, di antarana: sajak, carpon, novel, jeung fiksimini. Salaku pangarang Sunda anu produktif nulis rupa-rupa karya sastra, Hadi AKS kungsi dilélér penghargaan kayaning: Hadiah sastra LBSS, D. K. Ardiwinata, Anugerah Soeria Di Radja, sarta Hadiah Sastra R., H. Oeton Moechtar.

Carpon munggaran Hadi AKS nu dimuat di majalah *Katumbiri* nya éta “Nu Mulang Pاسوبoré”. Karangan-karanganna loba dimuat dina sawatara majalah jeung koran Sunda kayaning, *Manglé*, *Galura*, *Cupumanik*, jeung média citak séjénna. Karya-karya Hadi AKS, anu geus medal mangrupa buku di antarana: novél *Saéni* (2014), kumpulan sajak *Ombak Halimun* (2002), kumpulan carpon *Oknum* (1998), kumpulan carpon *Kalapati* (2012), jeung réa- réa deui.

Kumpulan Carpon *Kalapati* téh mangrupa karya Hadi AKS nu ngaguar ngeunaan carita jeung konflik kahirupan nu matak noél kana manah pamaca. Dina ieu buku dimuat 12 Carita Pondok, nya éta: (1) “*Lemah Cai Kulup*“, (2) “*Sarah*“, (3) “*Basa Lambak Cahayaan*“, (4) “*Kala*“, (5) “*Kalapati*“, (6) “*Kalakay*“, (7) “*Kalangkang Bulan*“, (8) “*Anaking jeung Bulan*“, (9) “*Kembang Pati*“, (10) “*Jaid*“, (11) “*Lembur Samida*“, jeung (12) “*Iraha Patepang Deui*“. Diantara éta 12 carpon téh aya lima carpon anu dina caritana ngahirupkeun tokoh wanoja, nya éta: (1) “*Sarah*“, (2) “*Basa Lambak Cahayaan*“, (3) “*Kalapati*“, (4) “*Anaking jeung Bulan*“, jeung (5) “*Kembang Pati*“.

”*Sarah*” nyaritakeun ngeunaan kaayaan wanoja nu dipergasa ku lanceukna nepi kahirupanna ancur batan runtah. “*Basa Lambak Cahayaan*” nyaritakeun ngeunaan tokoh budak nu boga indung téga ka anak. “*Kalapati*” nyaritakeun

**Dewinda Asih Nastiti, 2017**

CITRA WANOJA DINA LIMA CARPON KARYA HADI AKS PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA CARPON DI SMA KELAS X

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

tokoh wanoja nu teu bisa walakaya nepi ka palastrana lantaran disangka anak dukun teluh nu kudu dipergasa. “*Anaking jeung Bulan*” nyaritakeun ngeunaan awéwé nu dipergasa ku bapana tuluy téga maténi orok nu karek dilahirkeunna. “*Kembang Pati*” nyaritakeun indung salaku awéwé anu baheula na téh jadi sripanggung, miboga rupaning pasualan nepi ka dina tungtung hirupna kabaca ku anak-anakna. Éta lima carpon téh nyaritakeun rupa-rupa pasualan dina kahirupan wanoja.

Karya sastra bisa jadi média pikeun nepikeun protés pasualan sosial di masarakat, salah sahijina waé pasualan ngeunaan kalungguhan wanoja dina kahirupan. Ngaliwatan karya sastra, pangarang bisa nepikeun gerentes haté, kapusing, karungsing, kakuciwa, kasmaran, kasedih, atawa kabungahna. Salah sahiji karya sastra nu bisa dijadikeun média pikeun nepikeun éta rupaning pasualan nya éta carita pondok (carpon).

Carita pondok atawa disingget carpon téh nya éta karangan (tinulis) rékaan atawa (fiksi) dina wangun lancarana, nu mangrupa prosa naratif. Galur caritana relatif basajan lantaran jumlah kajadian caritana henteu réa, muser kana kajadian utama, mangrupa hiji épisode. Palakuna ogé teu pati loba, paling ukur dua atawa tilu urang. Ku lantaran kitu, ieu carita téh relatif pondok, nu matak disebut carita pondok/carpon. Umumna mah jejer, latar (*setting*) jeung kajadian carita téh diolah tina alam kahirupan kiwari (Koswara, 2013 kc. 97).

Teu saeutik carpon anu medar ngeunaan kalungguhan wanoja. Pangarang nempatkeun tokoh wanoja salaku tokoh utama dina carita, atawa justru pangarang ngahaja nempatkeun dirina salaku wanoja dina carpon nu ditulisna. Carpon nu dina caritana ngahirupkeun tokoh wanoja, bisa disebut karya sastra feminisme, sabab miboga salah sahiji ciri-ciri sastra féminis.

Cheri Register dina (Isnéndes, 2010 kc. 48-49) nandeskeun yén aya téks nu disebut teks sastra féminis. Ciri éta téks aya opat, nya éta: (1) jadi forum pikeun wanoja dina ngedalkeun aspirasina, (2) ayana usaha pikeun ngahontal kasimbangan budaya (androginitas), (3) nyadiakeun métode conto ku jalan éksplorasi (petualangan) pangalaman anyar, jeung (4) mromosikeun solidaritas di antara tokoh wanojana (*sisterhood*).

Éta ciri-ciri téh bisa jadi salah sahiji patokan pikeun nalungtik karya sastra dumasar pamarekan feminisme. Ieu pamarekan téh dipaké nalaah téks sastra nyoko kana ambahan disaluareun unsur-unsur instrinsik karya sastra. Ku kituna, pikeun nalaah unsur-unsur intrinsic karya sastra mah aya pamarekan strukturalisme. Sacara gurat badagna mah strukturalisme téh nya éta hiji pamarekan sastra anu muserkeun kana analisis sacara teks/ intrinsik.

Stanton dina (Koswara, 2013 kc. 14 ) nétélakeun yén anu dimaksud babagian atawa unsur “elemen” dina karya sastra téh, nya éta: (1) téma jeung masalah, (2) fakta carita, jeung (3) sarana carita.

Analisis unsur intrinsik pikeun ngarakrak struktur karya sastra dina pangajaran bahasa jeung sastra, anu dumasar kana sawangan strukturalisme mah sacara gurat badagna ngawengku unsur-unsur: (1) téma, (2) galur, (3) palaku, jeung (4) latar. Éta papasingan téh dumasar tina sababaraha tiori strukturalisme (Koswara (2013, kc. 14).

Carpon bisa dijadikeun pikeun bahan pangajaran bahasa jeung sastra Sunda. Utamana mah saluyu jeung aya na KIKD dina kurikulum 2013 nu meredih matéri carpon di SMA kelas X. Anapon Kompetensi Dasar na nya éta:

10.3.6 *Mengidentifikasi dan menganalisis CARPON sesuai dengan kaidah-kaidahnya.*

10.4.6 *Menanggapi dan mengekspresikan CARPON sesuai dengan kaidah-kaidahnya.* (Kurikulum Tingkat Daerah Mulok Mata Pelajaran Bahasa Sunda jenjang SMA sederajat)

Dumasar éta Kompetensi Dasar, jéntré yén matéri carpon ditepikeun di kelas X. Ku kituna, éta lima carpon Hadi AKS nu disalusur ku pamarekan strukturalme jeung pamarekan feminisme pikeun dijadikeun bahan ajar maca carpon di SMA kelas X.

Sababaraha panalungtikan saméméhna anu medar ngeunaan strukturalisme jeung feminisme karya sastra di antarana waé nya éta: (1) “Citra Wanoja dina Sastra Sunda: Kritik Sastra Feminis Ideologis kana Novel *Pipisahan*” Karangan R.A.F ku Ai Rohmawati (2008), (2) “Ajén-Ajén Féminis dina Novél *Suminar*” Karangan Anna Mustika Ati” ku Yuda Irawan (2009), (3) “Citra Wanoja Sunda dina *Nu Kaul Lagu Kaléon* jeung *Dongéng Énténg Ti Pasantrén* Karya R.A.F:

**Dewinda Asih Nastiti, 2017**

**CITRA WANOJA DINA LIMA CARPON KARYA HADI AKS PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA CARPON DI SMA KELAS X**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kajian Struktural jeung Kritik Sastra Feminisme Ideologis” ku Anisa Rahma (2013), (4) “Ulikan Struktural jeung Feminis kana Novel *Handeuleum Na Hate Beureum* Karya Chyé Retty Isnéndés pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMA Kelas XI” ku Ai Jamilah (2015).

Aya ogé sababaraha panalungtikan nu ngagunakeun objék panalungtikan carpon sarta dijadikeun bahan pangajaran maca, di antarana: (1) “Kumpulan Carpon *Geulang Koroncong* Karangan Holisoh M.E, Pikeun Bahan Pangajaran Maca Carpon di SMP Kelas IX (Ulikan Féminisme)” ku Fathonah Maryam (2016), (2) “Ulikan Struktural jeung Ajén Moral dina Kumpulan Carpon *Sanggeus Umur Tunggang Gunung* karya USep Romli H..M Pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP” ku Pepy Sri Anjarsari (2015), (3) Répréséntasi Idéologi gender dina Kumpulan Carpon *Nu Harayang Dihargaan* karya Darpan” ku Déri Éka Firmansyah (2015).

Anapon sababaraha panalungtikan anu ngajadikeun objék panalungtikan karya pangarang Hadi AKS, di antarana: (1) “Analisis Unsur Intrinsik Fiksimini Basa Sunda Karangan Hadi AKS dina Grup Facebook Fiksimini Basa Sunda” ku Eksa Dwi Ratih (2014), (2) “Analisis Struktural jeung Semiotik dina Novél *Saéni* karangan Hadi AKS pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMA” ku Alan Sunda Laksana (2016).

Nilik kana pedaran di luhur, geuning teu saeutik mahasiswa anu nalungtik ngeunaan struktural jeung feminisme sastra boh kana novel, boh kana carpon. Sawaréh aya ogé anu dikaitkeun pikeun bahan pangajaran, malah mah aya ogé nu nalungtik karya meunang Hadi AKS, tapi dina ieu panalungtikan nu ngabédakeun jeung panalungtikan saméméhna nya éta objék kajian panalungtikannana.

Dumasar kana éta pedaran, ieu panalungtikan téh dirumuskeun dina judul “Citra Wanoja dina Lima Carpon Karya Hadi AKS pikeun Bahan Pangajaran Maca Carpon di SMA Kelas X: Analisis Strukturalisme jeung Feminisme”.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Sangkan ambahan panalungtikan teu lega teuing jeung teu méngpar tina tujuan ogé rarancang awal, nu matak ieu panalungtikan diwatesanan. Ieu panalungtikan

**Dewinda Asih Nastiti, 2017**

**CITRA WANOJA DINA LIMA CARPON KARYA HADI AKS PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA CARPON DI SMA KELAS X**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

medar jeung maluruh ngeunaan struktur carita jeung aspek feminisme kana lima carpon karya Hadi AKS, nu judulna: (1) “*Sarah*”, (2) “*Basa Lambak Cahayaan*”, (3) “*Kalapati*”, (4) “*Anaking jeung Bulan*”, (5) “*Kembang Pati*”.

Analisis strukturalisme nu dipedar nya éta dumasar tiori Koswara (2013) yén nganalisis struktur carita téh intina medar: (1) téma, (2) galur, (3) palaku, jeung (4) latar.

Analisis feminisme nu baris dipedar nya éta dumasar kana konsép Isnéndés (2010, kc. 70): (1) citra wanoja di masarakat, (2) citra wanoja di kulawarga, (3) citra wanoja salaku, jeung (5) persepsi kana fungsi wanoja.

Sangeus dipaluruh sacara strukturalisme jeung feminisme, carpon dijadikeun pikeun bahan pangajaran di SMA kelas X. Dijadikeun ulikan materi carpon dumasar kana KIKD nu dipaké.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Sababaraha masalah anu baris dipaluruh dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) kumaha struktur carita/unsur intrinsik lima carpon karya Hadi AKS nu nyoko kana téma, palaku/watek, galur, jeung latar?
- 2) kumaha citra wanoja lima carpon karya Hadi AKS di masarakat, di kulawarga, jeung salaku indung?
- 3) kumaha citra wanoja nu dipersepsikeun/digambarkeun dina lima carpon karya Hadi AKS, naha positif atawa negatif?
- 4) kumaha larapna hasil panalungtikan struktural jeung feminisme pikeun bahan pangajaran maca carpon di SMA kelas X?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah nu dipedar saméméhna, ieu panalungtikan miboga dua tujuan, nya éta:

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun nambahan kabeungharan paélmuana dina widang analisis sastra struktural jeung feminis carpon nu dipakaitkeun pikeun bahan pangajaran maca carpon di SMA kelas X.

### 1.3.2 Tujuan Khusus

Tujuan khusus dina ieu panalungtikan nya éta pikeun nganalisis jeung medar ngeunaan:

- 1) struktur carita lima carpon karya Hadi AKS nu nyoko kana téma, palaku/watek, galur, jeung latar;
- 2) kalungguhan tokoh wanoja lima carpon Hadi AKS di masarakat, di kulawarga, jeung salaku indung;
- 3) citra wanoja nu dipersepsikeun/digambarkeun dina lima carpon karya Hadi AKS, naha positif atawa negatif;
- 4) larapna hasil panalungtikan struktural jeung feminisme pikeun bahan pangajaran maca carpon di SMA kelas X.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan nya éta :

#### 1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis tina ieu panalungtikan nya éta nambahan kabeungharan panalungtikan ulikan sastra ku pamarekan strukturalisme jeung feminisme, sarta jadi bahan bacaan jeung babandingan pikeun panalungtikan kahareupna.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep oge sangkan bisa méré mangpaat praktis, nya éta:

- 1) pikeun panalungtik, bisa ngajembaran ilmu pangaweruh tina paélmuan nu digarap, miboga data hasil panalungtikan ngeunaan kajian strukturalisme jeung feminisme, sangkan kahareupna bisa ditalungtik leuwih nyosok jero;
- 2) pikeun masarakat, nambahan pangaweruh ngeunaan kabeungharan ulikan sastra Sunda maké pamarekan struktural jeung feminis, sarta beuki ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan deksripsi tina lima carpon karya Hadi AKS;
- 3) pikeun mahasiswa/pelajar, jadi bahan pikeun panalungtikan kahareupna, bisa dijadikeun bahan pustaka dina panalungtikan kahareupna;
- 4) pikeun guru, jadi bahan ajar jang nepikeun materi carpon di SMA kelas X dumasar kana KIKD kurikulum 2013.

**Dewinda Asih Nastiti, 2017**

*CITRA WANOJA DINA LIMA CARPON KARYA HADI AKS PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA CARPON DI SMA KELAS X*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

## 1.5 Raraga Tulisan

Sistematika ieu skripsi disusun ku lima bab, baris dipedar kieu.

### Bab I Bubuka

Dina ieu bab 1mngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu dibagi jadi dua (tujuan umum jeung tujuan husus), mangpaat panalungtikan nu dibagi jadi dua (mangpaat tioritis, jeung mangpaat praktis), bab I dipungkas ku sistematika tulisan.

### Bab II Ulikan Pustaka

Dina bab II eusina medar tiori-tiori nu ngadadasaran panalungtikan jeung kalungguhan masalah nu ditalungtik, tangtuna nu pakait jeung carpon, stukturalisme sastra, jeung feminisme sastra. Dina ulikan pustaka, tiori-tiori nu dipaké dibandingkeun sarta dipatalikeun jeung masalah nu keur ditalungtik. Salian ti medar dadasar tiori, dina Bab II ogé aya pedaran ngeunaan panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir dina proses panalungtikan nu baris dilakonon.

### Bab III Méthode Panalungtikan

Dina bab III medar ngeunaan méthode panalungtikan nu ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data, proses ngumpulkeun data, nepi ka pedaran ngeunaan méthode analisis data.

### Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran

Dina bab IV nandeskeun hasil jeung pedaran analisis data nu tujuanna pikeun ngajawab rumusan masalah sangkan tujuan panalungtikan kahontal, dipakaitkeun jeung tiori-tiori anu dipaké sarta geus didadarkeun di Bab II.

### Bab V Kacindekan jeung Rékoméndasi

Dina bab V ngawengku kacindekan jeung rékoméndasi, nu intina mah nepikeun intisari tina hasil panalungtikan nu dilakukeun, sarta rékoméndasi pikeun panalungtikan kahareupna pikeun nambah khazanah jurnal analisis sastra Sunda.